Garuda, matanya harus juling (kera Jw.), tidak boleh dengan pinggiran perada; gigi taringnya harus putih; warna air mukanya harus jambon atau biru, kadang-kadang kuning dipadu dengan ungu. Mas-masannya, gubahan, dan utah-utahan perada dan berwarna (lihat gambar 57).

3. Sumping

Sumping harus diberi dasar perada, gubahannya berwarna. Bila dasarnya berwarna, gubahannya, harus perada. Warnanya ialah merah dan hijau. Inten-intenannya merah dan biru, srunen atau dawala, harus biru atau kapuranta atau merah kekuning-kuningan (lihatlah gambar 58).

4. Jamang

Jamang hanya menggunakan warna dua macam, yaitu merah atau hijau, tetapi tidak boleh mirip warna dengan mukanya, misalnya, kalau mukanya dadu (jambon), jamangnya harus hijau. Yang mukanya hitam biru, dan sebagainya, jamangnya harus merah. Peradanya harus di luar atau di dalam (lihatlah gambar 59).

5. Praupan (muka) A

Muka wayang kulit yang berwarna hitam, maka gigi, alis, dan grageh-walohnya harus perada. Waleran (batas) dahi atau kuping harus merah. Meskipun mukanya hitam, tetapi kalau wayangnya jenis dagelan (pelawak), misalnya Pragota dan Prabawa (dua orang patih negara Mandura), maka, alis dan batas, serta kumisnya, harus merah; matanya diberi pinggiran. Matanya merah berpinggiran perada (lihatlah gambar 60).

6. Praupan (muka) B

Wayang kulit yang warna mukanya perada, jambon, biru, hijau, putih, dan sebagainya, maka gigi, alis, kumis, gragèh-waloh, dan batas semuanya, harus hitam (lihatlah gambar 61).

7. Praupan (muka) C

Wayang kulit raksasa yang warna mukanya perada, warna gigi dan pinggiran matanya harus putih. Bila mukanya dadu (jambon), biru, dan sebagainya, maka warna gigi dan pinggiran matanya harus perada (lihatlah gambar 62). Pedoman menyungging wayang kera, pedomannya sama dengan wayang raksasa.

8. Praupan (muka) D

Wayang prèngèsan (gusèn, gusinya tampak = meringis) meskipun warna muka dan matanya sama dengan wayang raksasa, tetapi bila wayang itu tidak bertaring, pedomannya menyungging sama dengan menyungging raksasa (lihatlah gambar 63).

9. Praba

Praba warnanya demikian: gubahannya harus perada, lung-lungannya (lengkungan-lengkungannya) gubahan harus biru dan kapuranta (merah semu), sedang patran (daunnya) harus merah dan hijau (lihatlah gambar 64).

10. Mas-masan

Kalung, badong, dan uncal kencana itu termasuk mas-masan

(lihatlah gambar 65). Warnanya boleh memakai dasar perada atau dasar warna, asal tidak mirip warna dengan yang lain-lain itu. Ulur-ulurannya (tali, rantainya) boleh sesukanya.

11. Gelang, keroncong

Gelang, keroncong, tali kelat bau bilamana wayangnya gemblengan (tubuhnya perada), harus berwarna merah, tetapi bilamana wayangnya awak-awakan (tubuhnya berwarna), maka gelang, keroncong, tali kelat baunya, harus perada. Ngangrangannya harus berwarna (lihatlah gambar 66).

12. Kathok

Kathok (seluar atau celana pendek) boleh berwarna sesukanya asal pantas. Kadang-kadang ada yang diperada atau ditelacap (diberi lukisan selingan) perada. Celana Wrekudara umumnya dengan porong (tatahan seperti garuda) yang warnanya tidak berbeda dengan warna garuda (lihatlah gambar 67).

13. Celana

Celana (panjang) wayang katongan atau putran (satria), pantasnya berwarna sebagai cindai (cindhèn), lihatlah gambar 68. Wayang punggawa boleh diberi warna sesukanya, asal pantas.

14. Sembuliyan

Sembuliyan boleh memakai warna sesukanya, asal tidak mirip satu dengan lainnya. Tetapi kunca haruslah berwarna merah atau hijau, dan peradanya boleh di luar dan di dalam (lihatlah gambar 69).

15. Tali praba

Tali praba atau uncal wastra itu boleh memakai warna sesukanya asal bisa pantas. Sebaiknya harus bordiran, terkadang ada yang plangen (sebagai pelangi) atau cinden (lihatlah gambar 70).

16. Dodot

Dodot untuk wayang putren (wanita) boleh memakai warna se-

sukanya, tetapi yang paling baik ialah bordiran, sedang warna kain panjangnya menurut tatahannya. Yang tidak ada tatahannya hendaklah dipantas sendiri (lihatlah gambar 71).

3. CARA MENYIMPAN WAYANG KULIT

Menyimpan wayang kulit meskipun sudah ada kotaknya, tetapi di dalam kotak itu, wayang harus ditaruhkan pada *èblèk* dan bulu buntut merak.

Yang disebut èblèk ialah bambu dianyam jarang-jarang, panjang dan lebarnya sesuai dengan ukuran kotak wayang, artinya èblèk harus dapat masuk di dalam kotak wayang itu. Kemudian èblèk itu dibungkus dengan kain putih. Dua lembar eblèk merupakan dasar dan tutupnya seperti halnya map penyimpan kertas atau surat-surat.

Wayang kulit ditaruh di antara dua eblek itu. Perlunya èblèk ialah agar wayang kulit tidak menggulung (nglunthung Jw.) dan tidak rusak. Adapun bulu buntut merak dapat mencegah ngengat (gegat atau renget Jw.).

BAB NATAH
SARTA NYUNGGING
RINGGIT WACUCAL

1. BAB NATAH RINGGIT WACUCAL

Sasampuning sadhiya wacucal ingkang sampun dados kerokan sae, saha cekap kandel tipisipun, tumunten kacoreka jangkep wujuding ringgit ingkang dipun senengi, lajeng katataha saking peranganing corekan jawi (pinggir) rumiyin. Punika dipun wastani anggebing, awit ringgit wau saweg wujud gatra, ananging corekanipun jangkep.


Sasampuning ringgit wau dados gebingan, tegesipun pisah saking kebaraning wacucal, lajeng wiwit dipun tatahi peranganing corekan ing lebet. Dene ingkang karumiyinaken panatahipun, punika corekan ingkang adhapur tumumpang. Corekan ingkang adhapur katumpangan, katatah kantun. Makaten sapiturutipun. Wondene wujuding tatahan satunggal-satunggalipun kados ingkang kapratelakaken ing gambar ngandhap punika.

1. Dipun wastani tatahan tratasan, kanthinipun tatahan bubukan, manggenipun tatahan miturut coreking tatahan ingkang kaangkah lajuran (mriksanana gambar 1), awit manawi tratasan wau boten kanthi bubukan, dadosipun ringkih.
2. Dipun wastani tatahan untu walang, manggenipun tatahan wonten pinggiranipun sinjang saha pinggiranipun rasukan tuwin pinggiranipun kathok lan sapanunggilanipun, pundi ingkang pantes dipun untu walang (mriksanana gambar 2).
3. Dipun wastani tatahan bubukan iring utawi bubukan miring, manggenipun tatahan wonten ulur-uluring kalung utawi rantenipun uncal kencana lan sapanunggilanipun ingkang tatahanipun adhapur rante (mriksanana gambar 3).
4. Dipun wastani tatahan mas-masan tuwin sumbulan, menggah tatahan wau angentha tatahaning emas kadosta: Jamang, garudha, sumping, kalung, badhong, uncal kencana, lan sapanunggilanipun (mriksanana gambar 4).


5. Dipun wastani tatahan gubahan, kangge isening sumping tuwin isening garudha lan sapanunggilanipun pundi ingkang pantes dipun gubah (mriksanana gambar 5).

6. Dipun wastani tatahan srunen utawi sruni, kangge isen-isening sumping, srunen wau dipun selingaken kaliyan gubahan (mriksanana gambar 6).

7. Dipun wastani tatahan inten-intenan, manggenipun tatahan kangge isening sumping. Inten-intenan wau dipun selingaken kaliyan gubahan kados dene srunen (mriksanana gambar 7).



Gambar 1. Tatahan tratasan kanthi tatahan bubukan




Gambar 2. Tatahan untu walang

8. Dipun wastani tatahan inten-intenan, kangge isening sumping, jamang, kalung, badhong, uncal kencana, lan sapanunggilanipun, ananging boten kaselingaken gubahan (mriksanana gambar 8).

9. Dipun wastani tatahan sekar katu, ugi kangge isen-isening sumping. Sekar katu wau rupinipun kados inten-intenan, ananging ageng-ageng (mriksanana gambar 9).

10. Dipun wastani tatahan patran, kangge wonten pecahaning praba utawi kayon. Patran punika lingganipun patra, tegesipun godhong. (mriksanana gambar 10).

11. Dipun wastani tatahan seritan, manggenipun tatahan namung kangge sadaya ingkang kapetha rambut kadosta: Gelung,




Gambar 3. Tatahan bubukan iring (miring)

bodholan, jenggot lan sapanunggilanipun (mriksanana gambar 11).

12. Dipun wastani tatahan sembuliyan, kanggenipun namung tumrap sadaya ingkang kapetha wiron kadosta: Pinggiraning sinjang, kunca, uncal wastra lan sapanunggilanipun (mriksanana gambar 12).

13. Ingkang dipun wastani corekan jangkep, kados ingkang sampun kapratelakaken ing ngajeng, supados wijangipun kawewahan katrangan namanipun satunggil-satunggilipun prabot, kacethakaken ing gambar 13 sarana angka alit-alit.



Gambar 4. Tatahan mas-masan tuwin sumbulan




Gambar 5. Tatahan gubahan




Gambar 6. Tatahan srunen

Namanipun prabot	Tatahanipun
1. Jamang sada saeler	Mas-masan pecahan
2. Jamang	Mas-masan
3. Sumping	Mas-masan pecahan
4. Dawala (Tali jamang)	Mas-masan bubukan
5. Garudha	Mas-masan gubahan
6. Utah-utah	Mas-masan gubahan

7. Tali garudha	Bubukan mas-masan
8. Suweng	Inten-Intenan
9. Praba	Gubahan patran
10. Tali praba	Tratasan bubukan
11. Kalung	Mas-masan pecahan
12. Ulur-ulur	Pecahan bubuk iring
13. Sabuk	Sembuliyan
14. Pending (Timang)	Mas-masan
15. Kampuh (Sinjang)	Boten kapecah
16. Uncal wastra	Sembuliyan
17. Badhong	Mas-masan pecahan
18. Uncal kencana	Pecahan bubuk iring
19. Kathok	Sembuliyan
20. Kunca	Sembuliyan



Gambar 7. Tatahan inten-intenan namung kangge isening sumping



Gambar 8. Tatahan inten-intenan kangge isening sumping, kalung, badhong, uncal kencana, lan sapanunggilanipun

21. Calana — Sembuliyan
22. Kroncong — Mas-masan sakedhik


Tembung pecahan (gempuran) tegesipun katatah punapa mesthinipun kadosta: Gubahan srunen sapanunggilanipun kados dene gambar ing ngajeng wau.

14. Manawi taksih ragi kodheng mriksanana gambar 1,2,3, dumugi 13, sabab sadaya gambar wau adhapur pethikan, prelunipun namung anedahaken wujuding tatahanipun, pramila ingkang kathah namung gambaring sumping, awit sumping punika ingkang ragi kathah warnining tatahanipun.


15. Ingkang dipun wastani ambedhah punika, manawi tatahanipun sadaya sampun rampung, namung kantun anatah ing



Gambar 9. Tatahan sekar katu




Gambar 10. Tatahan patran



Gambar 11. Tatahan seritan




Gambar 12. Tatahan sembuliyan




Gambar 13.

Prabot utawi pangangge ringgit (corek jangkep)




Gambar 14. Tatahan jangkep



Gambar 15. Mripat thelengan saha nama-namaning peranganipun rai

peranganipun rai, kadosta: Irung, cangkem, lan mripat. Sami-sami padamelan natah, bilih kantun ambedhah punika kedah ngatos-atos sayektos, awit ing atasipun ringgit wacucal, sanadyan tatahanipun sadaya sae, ing mangka bedhahanipun boten kaleresan, punika nama cacad ageng, kosok wangsulipun sanadyan tatahanipun ragi awon sawatawis, ananging bedhahanipun sae, inggih sampun kapuwung, pramila ing sasaged-saged sampun ngantos nalisir saking wawarah ing ngandhap punika.


Katranganipun makaten: Saupami ambedhah ringgit ingkang mripatipun thelengan (mantheleng) punika poking (gantilan) mripat ingkang ngandhap, kasipata mangandhap leres dumugi tengah tengahipun untu ingkang ngajeng, ngiras dados gantilaning untu pisan. Dene poking mripat ingkang nginggil, kasipata mangajeng leres angsal sipating irung (mriksanana gambar 15, ing ngriku mawi katrangan namanipun peranganing rai).




Gambar 16. Mripat liyepan

Dene manawi ambedhah ringgit ingkang mripatipun boten thelengan kadosta: Liyepan, kadhelen utawi dhondhongan, punika pambedhahipun makaten: Tengah-tengahing manik ragi majeng sakedhik, kasipata mangandhap leres dumugi tengahing untu ingkang ngajeng, ugi sami dados gantilan sadaya; dene panjangipun pundhak ngajeng kedah kasipat manginggil angsal athi-athi (mriksanana gambar 16,16 a lan 16 b). Ing sasaged-saged pundhak ngajeng lan wingking kasipata ingkang leres.


Kajawi ingkang kapratelakaken ing ngajeng wau, wonten malih mripating ringgit ingkang dipun wastani, mripat kriyipan kaliyan mripat kelipan, dene manggenipun mripat kriyipan wau tumrap ing ringgit sawatawis, kadosta: Sang Hyang Naradha, pandhita Durna, tuwin danawa cakil (mriksanana gambar 17). Dene mripat kelipan tumrap ing ringgit: Semar, panembahan (pandhita) tuwin danawa gombak (Mriksanana gambar 18).




Gambar 16a. Mripat kedhelen




Gambar 16b. Mripat dhondhongan



Gambar 17. Mripat kriyipan



Gambar 18. Mripat kelipan




Gambar 19. Dhapuring sumping

16. Ing sarehning dhapuring: Sumping, kelat bau, gelang, punika wonten namanipun piyambak, dados inggih kula pratelakaken pisan (mriksanana gambar 19 aksara a,b,c lan d lan gambar 20).

17. Kelat bau clumpringan, punika anggennipun punggawa; dene kelat bau anggennipun danawa raja, sanadyan naga mamangsa inggih kedah kadamel methok kados garudha (mriksanana gambar 21 aksara a lan b).


Wondene kelat bau bogeman, gelang candra kirana, kuku pancanaka pupuk (mriksanana gambar 22), punika sadaya anggennipun darah ing Bayu, kadosta Bathara Bayu, Wrekodara, Anoman, dados boten tumrap dhateng sadhengah ringgit

18. Topong utawi makutha (mriksanana gambar 23), punika anggenipun katongan (raja) saminipun praba utawi jamang sungsun tiga, sanesipun katongan boten kenging dipun praboti kados makaten




Gambar 19a. Dhapuring sumping.

19. Topong kethu kawastanan makutha (mriksanana gambar 24), punika anggennipun katongan (raja) utawi adipati, kadosta: Karna Matsyapati (Ratu ing Wiratha), ananging Sang Hyang Guru, teka inggih topong kethu, samangke inggil pundi, topong kaliyan topong kethu kula sumanggakaken.



Gambar 20. Dhapuring kelat bau tuwin gelang.



Gambar 21. a) Kelat bau clumpringan anggenipun punggawa
b) Kalat bau nagamangsa anggenipun raja danawa

20. Gelung punika wonten warni tiga: 1. gelung supit urang, 2. gelung kekeling, 3. gelung gembel, (mriksanana gambar 25); sadaya punika tumrap gelungipun katongan utawi putran, ananging gelung supit urang lan gelung gembel punika ugi sok dipun angge gelungipun patih.

21. Ngore utawi gelung punika anggennipun putran, ananging manawi putran Pandhawa (Bambangan), ingkang kathah boten mawi jamang, sanadyan mawi jamang namung jamang sada saeler (mriksanana gambar 26).


22. Dene panganggenipun punggawa punika sami-sami pepak piyambak kadosta: Kethu, kethu tempak, (mriksanana gambar

27) utawi ngore, ananging manawi ngore cekak tanpa lungsen (mriksanana gambar 28). Prakawis jamang utawi garudha, inggih salong ngangge salong boten.


23. Kethu dewa punika esthanipun sinjang dipun ubet-ubetaken, wonten ingkang mawi jamang, garudha, wonten ingkang boten mawi, namung sumping utawi gradhen, punika ingkang temtu mawi (mriksanana gambar 29).

24. Dodotan, punika tumrap anggennipun katongan (mriksanana gambar 30). Katranganipun prabot mriksanana gambar 13 corekan jangkep ingkang kapratelakaken ing ngajeng.

25. Dodotan putran, punika boten beda kaliyan dodotan katongan, kaotipun manawi putran boten mawi uncal wastra saha



Gambar 22. a) Kelat bau bogeman b) Gelang candrakirana
c) Kuku pancanaka (pupuk boten kagambar)



Gambar 23. Topong utawi makutha

kalungipun ingkang limrah pananggalan (mriksanana gambar 31).


26. Dodotan punggawa, punika boten beda kaliyan dodotan putran, kaotipun manawi punggawa boten mawi kathok, dados katingal mandhukuling dhengkulipun (mriksanana gambar 32).

27. Dodotan punggawa bedanipun kaliyan bab 26, punika kaotipun boten mawi badhong utawi uncal, awit punika anggenipun punggawa ingkang mawi uncal wastra (mriksanana gambar 33).


28. Dodotan rampekan utawi prajuritan, inggih sok mawi clana, inggih sok mawi kathok panji-panji, punika anggennipun



Gambar 24. Topong kethu, ugi kawastanan makutha.



Gambar 25. a) Gelung supit urang



Gambar 25a. b) Gelung keling, c) Gelung gembel


patih utawi punggawa ingkang dhuwungan (mriksanana gambar 34).

29. Dodotan rampekan, anggennipun patih utawi punggawa,


bedanipun kaliyan bab 28, punika mawi nganggar dhuwung utawi pengasihipun sumampir ing dhuwung (mriksanana gambar 35).

30. Dodotan ingkang kunca satunggal, punika anggennipun Anoman kaliyan Bima, bedanipun manawi Anoman mawi badhong, uncal, bilih Bima lugas (mriksanana gambar 36—37).

31. Bokongan ingkang tepinipun lus-lusan punika anggenipun katongan (mriksanana gambar 38). Wondene tatahaning sinjang dalah satepinipun, dipun pantesa piyambak, ananging sampun ngantos mawi sinjang parang, awit parang punika anggennipun katongan enem utawi putran.




Gambar 26. ab) Ngore utawi gelung



Gambar 26a. c) Gelung supit urang, d) anggenipun putran pandhawa

32. Bokongan ingkang tepinipun sembuliyan, punika anggenipun putran utawi katongan enem (mriksanana gambar 39). Dene tatahanipun sinjang ingkang kathah parang utawi mo-



Gambar 27. Kethu


dangan. Manawi tumrap Pamadi namung modangan kaliyan limaran.

33. Bokongan katongan ingkang lonjong (mriksanana gambar 40), punika anggennipun Prabu Drupada, ratu ing Cempala utawi Prabu Darmaputra (Ratu ing Ngamarta); kaotipun manawi Darmaputra boten mawi kalung utawi manggaranipun boten mawi palang (lugas).

34. Jubahan, slendhangan, sepaton, punika anggenipun para dewa utawi para pandhita (mriksanana gambar 41), dene dewa ingkang boten jubahan namung Bathara Guru.

35. Dodotan putren (estri) namung warni kalih, ingkang satunggal boten kalung pasemekan, satunggalipun kalung pasemekan (mriksanana gambar 42). Pramila gelungipun putren (estri) boten kapratelakaken, sabab manawi badhe damel ringgit estri prayogi amendheta pola ingkang kalimrah kemawon.


36. Sembuliyan punika warni tiga: 1. sembuliyan lamba; 2. sembuliyan rangkep, 3. sembuliyan banyakan (mriksanana gambar 43). Dene kanggenipun sembuliyan rangkep lan lamba,




Gambar 27a. bc) Kethu tempak

tumrap dhateng kunca, manggaran, tepining sinjang, lan sapanunggilanipun. Sembuliyan banyakan ugi tumrap dhateng pinggiraning sinjang utawi jubah ingkang dhapur anglempat-nglempit (wiru).

37. Damel garudha punika boten kenging boten, kedah miturut wawaton, manawi garudha mripatipun satunggal, siyungipun jawi lebet kedah satunggal; manawi garudha mripatipun kalih, siyungipun jawi lebet inggih kedah ngalih-ngalih (mriksanana gambar 44).



Gambar 28. Ngore (bodholan), ab) Ngore tiga




Gambar 28a. cd) Ngore cekak

Dumugi samanten karangan punika boten amratelakaken satunggil-satunggiling prabot utawi tatahanipun; dados saupami badhe damel ringgit kedah ngupados pola ringgit ingkang sampun dados, ananging kedah sampun priksa wijang-wijangipun, awit


gambar corekan sadaya punika prasasat sampun anedahaken ubat-ubeting tatahanipun.

Katrangan, saking kojahipun tukang panatah ringgit ingkang sampun kula anggep sepuh utawi saged, manawi anatah ringgit punika, ingkang katatah rumiyin kupingipun lajeng sumping, ing salajengipun saengga ngantos rampung, ananging dereng dipun bedhah, dene pambedhahipun sakawit saking pucuking irung dumugi upil-upilanipun (lenging irung) lajeng cangkem, keketan dalah untu sarampungipun; dene mripat punika dhawah wingking piyambak.

Pramila kedah makaten, saking cariyosipun tukang panatah wau, menggah maksudipun dados pralampitaning gesang kita pu-




Gambar 29. Kethu dewa, mawi jamang




Gambar 29a. bc) Kethu dewa,tanpa jamang

nika, awit lairing jabang bayi saking guwagarba sampun kadunungan rahsa tigang prakawis, inggih punika: kuping, irung, cangkem, dene jangkepipun sakawan, parji. Pramila mripat ingkang kaangge pungkasan, awit punika minangka pasaksenipun.

Ing wusana leres lepatipun kasumanggakaken, jalaran pangimpuning karangan punika namung sagaduging pamanggih kula.



Gambar 30. Dodotan anggenipun katongan




Gambar 31. Dodotan anggenipun putran


2. BAB NYUNGGING RINGGIT WACUCAL

Bab pulas lan ancur saha abenipun

Menggah rekanipun tiyang badhe nyungging ringgit wacucal punika makaten: saderengipun saged mindakaken pakaryanipun,



Gambar 32. Dodotan punggawa



Gambar 33. Dodotan punggawa


langkung prelu anyumerepi pandameling pulas utawi anggenipun ngabeni lan sapanunggilanipun, kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.

1. Bakuning pulas


Warni	*Ingkang dipun angge*
1. Pethak	bakaran balung
2. Jene	atal watu
3. Biru	'nila wredi
4. Cemeng	oyan

5. Abrit	gincu
6. Ancur	ancur lempeng
7. Landha jangkang	landhanipun jangkang

Landha jangkang punika kangge anoyani ancuripun, tumunten dipun godhog ingkang ngantos umob wongsal-wangsul utawi ingkang ngantos kenthel sarta pliket. Mila makaten, awit ancur lempeng wau manawi boten dipun toyani landha jangkang boten saged ajur, inggih boten saged pliket, nanging ingkang makaten



Gambar 34. Dodotan rampekan




Gambar 35. Dodotan rampekan mawi nganggar dhuwung


punika namung tumraping abenan ingkang kedah mawi ancur mateng.

Manawi badhe damel pulas pethak utawi pulas cemeng, ancuripun kedah mentahan kemawon. Dene pandamelipun makaten: Balung wau kageceka wonten ing panjang rumiyin, lajeng angekuma ancur wonten ing toya. Manawi ancuripun sampun medhok, lajeng dipun worna balung ingkang wonten ing panjang

wau, nunten kagerusa ingkang ngantos alus (lembat) mawi dipun toyani toya tawa; kenthel cuweripun kadugi-dugia piyambak. Panggerusipun manawi sampun alus lajeng dipun colok apu sakedhik, nunten kagerusa malih ingkang ngantos alus sayektos. Bilih sampun rampung panggerusipun prayogi dipun sabarna sake-



Gambar 36. Dodotan anggenipun Anoman




Gambar 37. Dodotan anggennipun Bima


dhap supados meneb. Menawi sampun meneb lajeng dipun ilinga ing wadhah jubungan utawi ing cangkir alit ingkang sampun dipun sadhiyakaken, ananging anggenipun ngiling ingkang alon-alon kemawon, supados boten katutan gandhosipun (ampasipun) mindhak murugaken kasar.

Pramila pulas pethak (balung) kedah ngangge abenan ancur mentah, awit manawi dipun abeni ancur mateng, dadosipun pulas pethak welu, boten saged pethak memplak. Dene yen pulas cemeng dipun abeni ancur mateng, dadosipun pulas inggih boten saged sae.

Mila abenan ancur mentah mawi kacolok ing apu, awit manawi boten, dadosipun pulas kirang pliket; ananging manawi anggenipun nyolok apu kakathahen, dadosipun pulas kondhor (batal). Pandamelipun pulas-pulas sadaya wau, kedah dipun gerus



Gambar 38. Bokongan tepi lus-lusan



Gambar 39. Bokongan tepi sembuliyan

wonten ing panjang ngantos alus, dene ingkang dipun angge anggerus sela ingkang sampun kapilih.

2. Panggodhogipun ancur

Ancur ingkang badhe kangge pulas wrenan utawi ingkang kangge angedus, panggodhogipun kedah ingkang sepuh, inggih punika umob rambah-rambah sarta ingkang resik sampun ngantos kerantaban rereged.


Ancur ingkang badhe kangge mrada, panggodhogipun kedah langkung kenthel sakedhik tinimbang kaliyan ingkang kasebut ing nginggil.

3. Ngabeni pulas


Bakuning pulas punika namung gangsal warni (sampun kapratelakaken ing ngajeng), inggih punika: pethak, cemeng, jene, biru, abrit. Ewadene kenging dipun abeni dados pulas ingkang warna-warni, kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.

(kc = kacolok, rk = ragi kaduk, k = kaduk)

1. Pethak kc abrit dados dadu
2. Pethak kc abrit rk dados abrit nem.
3. Pethak kc biru dados biru nem.




Gambar 40. Bokongan katongan lonjong




Gambar 41. Jubahan, slendangan, sepaton (boten kagambar)

4. Pethak kc biru rk dados biru cekapan.
5. Pethak kc cemeng dados klawu.
6. Pethak kc cemeng rk dados klawu sepuh.
7. Pethak kc jene dados jene gadhing.
8. Pethak kc wungu dados wungu nem.
9. Pethak kc kethel dados kethel nem.
10. Jene kc biru dados ijem nem.
11. Jene kc biru k dados ijem sepuh.
12. Jene kc abrit dados kapuranta.

13. Jene kc abrit k dados kapuranta sepuh.
14. Abrit kc biru dados wungu.
15. Abrit kc cemeng dados kethel.
16. Ancur kc cemeng dados toya mangsi.



Gambar 42. Dodotan putren, tanpa kalung pasemekan



Gambar 42a. Dodotan putren, mawi kalung pasemekan


Undha-usuking warni pulas wau miturut kathah kedhike anggenipun nyolok. Wondene tembung nyolok punika tumraping abenan-abenaning pulas ateges dipun wowori.

Patrapipun nyungging


Manawi sampun pana dhateng pandameling pulas, utawi abenabenanipun sadaya lajeng amiwitana nyungging. Menggah patrapipun makaten: Wayang ingkang badhe dipun sungging wau prayogi dipun amril rumiyin, pamurihipun kajawi kangge angicali tumpining tatahanipun supados alus, inggih ugi kangge ngicalaken lisahing wacucal, supados boten ambadal dipun pulas. Wondene uruting pamulas kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.

1. Andhasari

Manawi sampun rampung anggenipun angamril, lajeng adamela pulas pethak, kapulasna ing ringgit ingkang badhe dipun sungging wau ngantos waradin, ananging empaning pulas ingkang tipis kemawon minangka dhasar.



Gambar 43. Sembuliyan



Gambar 44. Garuda
ab) Mripat sarta siyung nyatunggal,
c) Mripat sarta siyung ngalih

2. Nyemeng

Manawi dhasaripun sampun garing, lajeng adamela pulas cemeng, kapulasna ing pundi ingkang leresipun dipun pulas cemeng, kadosta: ing sirah, suluhanipun rai, gelung, bodholan, gimbalan, sadaya bangsaning seritan (rambut), tali praba, uncal wastra, calana (samanten punika manawi dipun sedya kadhasaran cemeng), utawi rainipun manawi lenggahipun pancen paraupan cemeng (mriksanana gambar 46). Manawi cemeng bangsanipun seritan ing



Gambar 45. Purna panatahipun nanging dereng kasungging

sasaged-saged kedah kacocogna malebet, supados saged maradini ing salebetipun tatahaning seritan, awit manawi boten makaten, benjing dadosipun babaran, seritanipun temtu kados rambut uwanen, sabab ingkang cemeng namung ing jawi kemawon, ing nglebet taksih salong pethak.

3. Amrada

Manawi sampun rampung anggenipun nyemeng, tumunten nindakna mrada. Dene ingkang dipun prada, namung ingkang bangsaning prabot-prabotipun rumiyin; dados awak-awakanipun dereng tumut kaprada. Prabot-prabotipun wayang ingkang leresipun kaprada wau, kadosta: karawistha, modangan, jamang, tepining jamang, gubahan, kawatan, mas-masan, sereting sembuliyan, sereting calana, sarta kathok tuwin sinjang, uncal kancana, lan sapanunggilanipun (mriksanana gambar 47).

Wondene menggah patrapipun tiyang amrada punika makaten: Ing pundi papan ingkang badhe dipun prada, kedah mawi dipun dhasarana ancur rumiyin; dipun angkaha kados pundi ingkang dipun kajengaken utawi kajenging tatahanipun, tumunten amendheta prada. Menggah prada punika tumempel ing dlancang lempitan; dlancang wau gegeripun karambanga ing toya, nunten kaentas, ingkang teles kausap-usapna ing bau tuwin ing lengen supados asat. Dene anggenipun ngrambang ing toya, utawi anggenipun ngusap-usapaken wau ing saangsal-angsal sampun ngantos angengingi pradanipun, mindhak ngrisakaken. Mila prada wau mawi karambang ing toya, paedahipun supados boten risak utawi boten kabur.

Manawi ancuripun ingkang kapulasaken wau kinten-kinten sampun malem, lajeng kadhawahana prada. Prada wau kakurebaken, gegeripun kadumuk kaliyan driji kemawon, nanging pandumukipun kedah ingkang ngatos-atos, awit empaning prada punika namung miturut tabeting ancur dhasaripun wau, dados upami tabeting ancur awujud bunder, tumempleking prada inggih tumut bunder, dene yen tabeting ancuripun awujud pasagi, utawi panjang tuwin malengkung, tumempleking prada inggih kados makaten ugi. Cekakipun prada wau badhe kadamela kados puna-

pa kemawon, namung miturut tabeting ancur dhasaripun. Dados papan ingkang kaprada wau manawi boten wonten tabeting ancur utawi sanadyan wontena, nanging ancur wau sampung garing, pradanipun inggih boten saged tumemplek. Ananging yen ancuripun ketelasan, tumempleking prada temtu anjemblok, utawi remuk, mila prayoginipun ancur wau ingkang malem kemawon, tegesipun boten garing boten teles (cekapan). Tirahaning prada ingkang taksih sami kelet wonten ing dlancangipun, taksih kenging dipun angge mrada malih ngantos satelasipun.

4. Amepesi

Sanadyan anggenipun mrada wau sampun dipun angkah sae saking empaning ancuripun sarta ngatos-atos pandumukipun, ewa dene meksa taksih kathah ingkang sami pating semberet, kadosta: ingkang adhapur bunder utawi pasagi, taksih sami benjo, ingkang panjang utawi malengkung, taksih sami pating brendhil. Mila murih turutipun ingkang sami pating semberet utawi pating brendhil wau kedah dipun pepesi, inggih punika katutupan pulas pethak kados nalika wiwit nindakaken pulas pethak kangge papaning sadaya wrenan ngiras kangge nurutaken empaning prada. Dados prada ingkang sami pating semberet wau kedah dipun pejahi ing pulas pethak, temahan prada wau wujudipun saged turut.

5. Andadu (anjambon)

Sasampunipun rampung anggenipun mepesi, lajeng nindakna pulas dadu (jambon), kapulasna ing pundi ingkang leresipun kedah dipun dadu, kadosta: jamang, garudha, kelat bau, gelang, kroncong, pucuking mas-masan, inten-intenan, bangsaning sembuliyan, lan sapanunggilanipun. Selang-selinging pulasan dipun angkaha sampun ngantos tumbuk sarta pethakipun wau dipun taksihna saha katurutna kangge sorotan. Awit sadaya sorotan punika boten sepen ing pethak (mriksanana gambar 48)

Tembung sorotan punika saking pamanggih kula kadosdene wujuding sorot dumugi ing telengipun, tegesipun makaten kadosta: ingkang sorotan abrit, wiwit saking pethak, lajeng dadu, tumunten abrit, lajeng dipun sepuhi kethel. Dene yen sorotan ijem, wiwit saking pethak lajeng jene, lajeng ijem nem dumugi

ijem sepuh; makaten sapiturutipun. Pramila anggenipun ngengehaken pethakipun dipun angkaha piyambak murih prayoginipun. Terangipun makaten: Saupami papan satunggal ing mangka badhe kapulas mawi sorotan kalih warni, punika pethakipun kedah manggen wonten ing tengah-tengahipun, ananging manawi namung ngangge pulas sorotan warni satunggal punika pethakipun kedah manggen wonten ing pinggir.

Murih boten kekathahen seratan, sorotan samangke kula cekak mawi aksara S.

6. Nguning (anjene)

Manawi sampun rampung anggenipun andadu, prayogi lajeng anindakna pulas jene, kapulasna ing pundi ingkang leresipun kapulas jene, kadosta: jamang, sumping, garudha, kalung, uncal, mas-masan, patran, dawala (tali jamang), sembuliyan, lan sapanunggilanipun. Dene pulas jene punika boten angemungaken dados S ijem kemawon, salong inggih badhe kadadosaken S kapuranta.

7. Angijem nem

Sarampungipun anjene, anunten anindakna pulas ijem nem, kadosta: jamang, sumping, garudha, kalung, uncal, mas-masan, patran, sembuliyan, lan sapanunggilanipun. Ijem nem punika kangge nyepuhi jene ingkang badhe kadadosaken S ijem.

8. Ambiru kaliyan angapuranta

Sarampungipun angijem nem, lajeng anindakna pulas biru nem, rampung biru nem lajeng kapuranta, kapulasna ing pundi ingkang leresipun dipun pulas biru utawi kapuranta, kadosta: Rai garudha, dawala, inten-intenan, lungipun praba, lan sanes-sanesipun.

Sadaya pulas ingkang kasebut ing ngajeng wau, dipun wastani mulas utawi nyungging saweg angenem-enemi, inggih punika saweg nindakaken pulas enem (mriksanana gambar 49). Pulas-pulasan wau ingkang tumrap bangsaning prabot temtu kedah sorotan sadaya, tegesipun boten dipun pulas maligi warni satunggal, kadosta: jamang, kalung, sapanunggilanipun, upami kapulas namung abrit thok, ijem thok, biru thok, saestu kawastanan: pulasan boten limrahing kathah.

9. Anyepuhi (nuwani)

Manawi sampun rampung sadaya anggenipun angenem-enemi, lajeng wiwit dipun sepuhi, inggih punika wiwit nindakaken pulas ingkang sarwa sepuh (mriksanana gambar 50). Wondene pulas sepuh ingkang katindakaken rumiyin piyambak, prayoginipun pulas ijem sepuh, kangge nyepuhi pulas ijem nem. Lajeng biru sepuh, kangge nyepuhi biru nem, lajeng abrit kangge nyepuhi dadu. Dene abrit punika boten ngemungaken kangge nyepuhi dadu kemawon, inggih ugi kangge nyepuhi kapuranta. Menggah abrit ingkang kangge nyepuhi dadu, trekadhang sok taksih dipun sepuhi kethel sepuh.

10. Amungu

Wondene pulas S wungu punika, ingkang limrah namung kangge mulas: ulur-uluring kalung, rai garudha, dawala, utawi calana, ananging juru sungging ingkang sampun wasis, sanadyan sungginganipun mawi anindakaken pulas S wungu utawi S cemeng (wesen) ewadene boten kewran panyelingipun pulasan, supados boten tumbuk.

Rai garudha punika pulasanipun inggih sorotan, ananging boten jangkep, inggih punika boten mawi pethak, kadosta: ingkang dhasaripun biru nem lajeng dipun sepuhi biru sepuh, ingkang dhasaripun dadu dipun sepuhi kethel, trekadhang wonten ingkang dhasaripun jene dipun sepuhi wungu.

11. Nyawi

Manawi sampun rampung pandamelipun sakathahing wrenan sadaya, samangke pulasaning prabot-prabotipun ringgit wau, ingkang kalebet bangsaning wastra, kadosta: sembuliyan, sapanunggilanipun kedah dipun cawi. Makaten ugi jamang, sekar katu (inten-intenan ageng) tuwin lungipun praba. Sanadyan punika sanes bangsaning wastra, manawi sakintenipun pantes dipun cawi, inggih kedah dipun cawi ugi. Ing atasipun pulasan sunggingan cawen punika kajawi murugaken mujek utawi remit inggih ugi dados undhuking pulasan. Dene coreking cawen punika wujudipun namung garis-garis lembat, kadosdene bathikan sawut.

kalih utawi tigang warni, malah tumraping juru sungging ingkang sampun nama wasis, sok kasukanan sorotan ngantos sakawan warni. Ingkang punika mugi dipun angkaha piyambak murih kobetipun, sarta anggenipun mulas ing sasaged-saged sampun ngantos ambuntoni tatahanipun, utawi anggenipun angedus ing saangsal-angsal sampun ngantos angengingi pradanipun, awit prada wau samangsa kenging dus lajeng pejah (boten gadhah sorot).

18. Kanthining sorotan

Manawi adamel wrenan dipun angkaha panyelingipun kaliyan prada ingkang saged muyeg sarta anggenipun damel wrenan sampun ngantos kalintu kanthinipun, sarta sampun ngantos tumbuk, awit sanadyan sampun saged muyek panyelingipun manawi kanthinipun kalintu utawi tumbuk, inggih taksih nama kirang prayogi. Mila makaten awit wrenan punika sami gadhah kanthi piyambak-piyambak, kadosta: S abrit, kanthinipun kedah S ijem. Dene sorot kapuranta kanthinipun kedah S biru.

Dene ingkang dipun wastani klintu kanthinipun punika, inggih punika manawi wonten sunggingan S abrit dipun kantheni S biru, sarta S kapuranta dipun kantheni S ijem.

Ingkang dipun wastani tumbuh kanthinipun inggih punika manawi wonten sunggingan S abrit dipun kantheni S kapuranta sarta S biru dipun kantheni S ijem. Tumbuk punika tegesipun: Tumbuk sorotipun, ingkang abyor sami abyor, ingkang kelem sami kelem.

Wawaton

Traping sunggingan punika manggenipun pulasan boten kenging ngangge sasenengipun piyambak, kedah miturut wawaton ingkang sampun mupakat, awit manawi ngantosa nilar wawatonipun, sanadyan sungginganipun sampun saged abyor utawi sae, inggih meksa taksih dhumawahing cacad, kawastanan: cacad sunggingan; tegesipun makaten: sampun saged nyungging nanging dereng sumerep wawatonipun. Mila supados terangipun wawaton wau, kula pratelakaken ing ngandhap punika.

1. Topong (makutha)

Topong punika kedah kapulas abrit dipun undhuki kethel, nyamatipun biru utawi wrenan, modanganipun prada, srunen sarta inten-intenanipun biru, jamanganipun prada utawi wrenan, karawithanipun prada utawi wrenan, mawi seret prada utawi biru, trekadhang kethel.

Wondene topong kethu, kadosta: topongipun Adipati Karna, panyelingipun inggih boten beda kados dene topong punika. Murih terangipun mriksanana gambar 56.

2. Garudha

Garudha punika mripatipun kedah kera, boten kenging mawi seret prada, untu siyungipun kedah pethak, pulasing rainipun kedah dadu, utawi biru, trekadhang jene dipun sepuhi wungu. Dene mas-masan, gubahan, tuwin utah-utahanipun prada kaliyan wrenan (mriksanana gambar 57).

3. Sumping

Sumping punika manawi dhasaripun pradan, gubahanipun kedah wrenan, manawi dhasaripun wrenan, gubahanipun kedah pradan. Dene wrenanipun abrit kaliyan ijem, inten-intenanipun abrit kaliyan biru, srunen utawi dawala kedah biru utawi kapuranta (mriksanana gambar 58).

4. Jamang

Jamang punika namung ngangge pulasan kalih warni, inggih punika abrit utawi ijem, nanging boten kenging tumbuk kaliyan pulasing paraupanipun, kadosta: ingkang paraupanipun dadu punika jamangipun kedah ijem. Ingkang paraupanipun cemeng, biru, lan sanes-sanesipun, jamangipun kedah abrit, dene pradanipun kenging wonten ing jawi utawi wonten ing nglebet (mriksanana gambar 59).

5. Paraupan A

Ringgit ingkang paraupanipun cemeng, untu, alis, sarta grageh walohipun kedah kaprada, waleranipun bathuk utawi kuping

kedah abrit. Sanadyan paraupan cemeng, ananging manawi ringgitipun wau bangsa dhagelan, upami Pragota, sarta Prabawa (Patih Madura), alis sarta waleran dalah brengosipun kedah dipun abrit, mripatipun abrit seret prada (mriksanana gambar 60).

6. Paraupan B

Ringgit ingkang paraupanipun pradan, dadu, biru, ijem, pethak, lan sapanunggilanipun punika, untu, alis, brengos, grageh waloh, dalah waleranipun sadaya kedah cemeng (mriksanana gambar 61).

7. Paraupan C

Danawa ingkang paraupanipun pradan, untu sarta sereting mripat kedah dipun pethak, dene yen paraupanipun dadu, biru, lan sanes-sanesipun, untu sarta sereting mripat kedah dipun prada (mriksanana gambar 62). Ringgit kethek wawatonipun inggih boten beda kaliyan danawa.

8. Paraupan D

Ananging manawi tumrap ringgit ingkang prengesan (gusen) sanadyan lenggahing pulasanipun paraupan sarta mripatipun kados dene danawa, nanging yen ringgit wau sanes bangsaning siyung, untunipun kedah dipun cemeng. Dene yen prengesan wau mawi siyung inggih kedah miturut kados wawatoning danawa (mriksanana gambar 63).

9. Praba

Praba punika pulasanipun makaten: gubahanipun kedah dipun prada, lungipun gubahan prayogi biru kaliyan kapuranta, dene patranipun kedah abrit kaliyan ijem (mriksanana gambar 64).

10. Mas-masan

Kalung, badhong dalah uncal kancana, punika kalebet bangsaning mas-masan, (mriksanana gambar 65). Dene pulasanipun kenging ngangge dhasar prada utawi dhasar wrenan, janji boten tumbuk; ulur-uluranipun kenging ngangge sasenengipun.

11. Gelang, kroncong

Gelang, kroncong, tali kelat bau, punika manawi ringgitipun gemblengan kedah dipun pulas abrit, ananging manawi ringgitipun awak-awakan, gelang, kroncong, tali kelat bau wau kedah sami kaprada, dene ngangranganipun kedah dipun pulas wrenan (mriksanana gambar 66).

12. Kathok

Kathok punika kenging ngangge pulasan wrenan sasenengipun, janji saged pantes trekadhang wonten ingkang dipun tlacap ing prada. Dene kathokipun Wrekudara limrahipun mawi porong (tatahan kados garudha); pulasanipun porong wau boten beda kaliyan pulasaning garudha (mriksanana gambar 67).

13. Calana

Calana punika tumraping wayang katongan, utawi putran (bangsa satriya), pantesipun kedah kapulas cindhen (mriksanana gambar 68). Dene tumrapipun bangsa punggawa kenging ngangge pulasan sasenengipun, janji saged pantes.

14. Sembuliyan

Sembuliyan punika kenging ngangge pulasan sasenengipun, janji boten tumbuk, nanging manawi tumraping kunca, pulasanipun kedah abrit utawi ijem tuwin pradanipun kenging wonten ing jawi sarta wonten ing nglebet (mriksanana gambar 69).

15. Tali praba

Tali praba utawi uncal wastra, punika kenging ngangge pulasan sasenengipun janji saged pantes. Ananging menggah sa:nipun kedah burdiran, trekadhang wonten ingkang plangen utawi cindhen (mriksanana gambar 70).

16. Dodot

Dodotipun ringgit putren punika kenging ngangge pulasan sasenengipun, nanging ingkang sae piyambak sanadyan dipun dha-

sarana sasenengipun, prayogi mawi dipun burdir, wondene pulasaning sinjangipun, punika namung miturut tatahanipun, dene ingkang boten mawi tatahan kedah dipun pantes piyambak (mriksanana gambar 71).

3. PANGRIMATIPUN RINGGIT

Menggah pangrimatipun ringgit wacucal punika, sanadyan sampun wonten salebeting kothak, inggih kedah dipun dekekaken wonten ing eblek, sarta dipun kantheni lancur merak. Eblek punika ingkang kadamel deling dipun anam. Panjang sarta wiyaripun miturut ukuraning kothak, mawi dipun kanthongi monten dhapuripun tangkeban kadosdene pretepel. Pramila dipun dekek wonten ing eblek, supados ringgit wau boten ngalunthung utawi boten enggal risak. Dene lancur merak wau saged anebihaken bangsaning renget.

***

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA